# Бадуев Саид-Селихь

**Презентаци кечйинарг**

**Грозный-г1алара №1 йолу гимназин хьехархо**

**Дударова Марита А.**

- **Бадуев Саь1ид-Салихь** прозаик, драматург, поэт, нохчийн исбаьхьаллин литературин бухбиллархо, вина 1903 шеран 28 августехь Соьлжа-ГІалахь.

- Яздархочун да Бадуев Сулейман Хьалха-МартантІера схьабевллачу совдегарех хилла. Яздархочун да Бадуев Сулейман, цуьнан вежарий, да Бода-Хьаьжа, шайн даккхий хьелаш а долуш, шайн доьналлица, хьуьнарщца Нохчийчохь а, гонахарчу мехкашкахь а цІеяххана бевзаш нах хилла. БадуевгІар Нохчийчоьнан а, Российн а юкъараллин-политически хьелаш девзаш, юкъараллин дахарехь дакъалоцуш хилла. Оьрсийн-японски тІом (1904-1905 шераш.) болабелча, оцу тІаме вахна Бадуев Сулейман. Цигахь йина чевнаш юха меттахъевлла, 1914 шарахь кхелхина иза. СаьІидан нана Укаева Зайбат Йоккхачу-АтагІара хилла. КІентан бералла дІадахна Соьлжа-гІалахь а, Хьалха-МартантІехь а, Йоккхачу-АтагІахь а. Дуккха а гергара нах бара БадуевгІеран Хьалха-МартантІехь. Хинволчу яздархочун деда, денана, пхиъ деваша вара кхузахь вехаш. Шен дехой болчу Хьалха-МартантІе а, ненахой бехачу Йоккхачу-АтагІа а кест-кестта воьдуш а, еххачу хенахь Іаш а хиллачу кІанта хазахеташ ладийгІина юьртахоша исбаьхьа олучу иллешка, дуьйцучу туьйранашка, ширчу хабаршка, мехкарийн эшаршка. Халкъан исбаьхьаллин дешан марзо беран хенахь евзина цунна, барта кхоллараллa гуттаренна а езаелла. Соьлжа-гІаларчу реальни училище деша дІавелла СаьІид-Салихь шен дас. Ойла тІеяххийтина, лерина доьшу цо. Шен накъосташна юккъехь кІеда-мерза волуш а, дешарна тІера хиларца а билгалваьлла иза. Къаьсттина дукха езна Бадуев СаьІидана исбаьхьаллин литература. ТІевирззина Іамийна цо оьрсийн классически литература, лерина ешна В.А. Жуковскийн, А.С. Пушкинан, М.Ю. Лермонтовн, Л.Н. Толстойн, А.П. Чеховн, А.М. Горькийн произведенеш. Хинволчу яздархочунна Іаламат пайдехьа хила нохчийн халкъан барта кхоллараллица цхьаьна сийлахь-йоккха оьрсийн литература, культура йовзар.



- ЦIеххьана бохам беана БадуевгIеран доьзале. Оьрсийн-японски тIамехь йина чевнаш юхаметтахъевлла, 1914 шарахь Петроградехь кхелхина доьзалан да Сулейман. ЦIа а веана, Хьалха-МартантIехь дIавоьллина иза. ВорхI бераца йисина нана, СаьIид-Салихьан уггаре жимаха йолу йиша Маки да дIаваьллачул тIаьхьа дуьнен чу яьлла. Хала дара байлахь бисинчу доьзална. Дукха хан ялале материальни халонаш хааелира. Паччахьан заманахь муьлхха а дешар санна, Соьлжа-гIаларчу реальни училищехь а дешар мехах дара. Шен хеннахь мах дIабалаза бисча, дешарх юкъахвоккхура. Алссамчу берашца йисинчу нанна хала хилла доьзал кхаба. Шен ма-хуьллу дешар чекхдаккха гIиртина СаьIид-Салихь, амма гIуллакх ца хилла.



- Реальни училищехь 1916 шеран 25 майхь дIаехьначу педагогически кхеташонан протокол тIехь дешарна тIера мах дIацабаларна  Бадуев СаьIид дIаваккхаран хьокъехь сацам бу. Дешаран шо чекхдала цхьа бутт бен ца биснера хинволу яздархо реальни училищера дIавоккхуш, оцу шарахь йолийна класс чекхъяккхалц а ца витина.
  СаьIид-Салихь шайн доьзалехь баккхийчарах вара, цунна тIехь дара кегийчеран тергояр. Иза балха вахна. Болх барца цхьаьна дIадаьхьна цо, ша доьшуш, шен хаарш тIедузар. 1922 шарахь Владикавказехь кооперативни курсаш чекхъяьхна Бадуевс. Цул тIаьхьа цхьана муьрехь товароведан болх бина. Амма цуьнан шовкъ йолуш болх ца хилла иза, цуьнан дог ца летара оцу гIуллакхех. С. Бадуевн ойла кхечахьа гIиртина. Шен къоман культура кхиорехь, йоза-дешар даржорехь, халкъ Iилманан серлонга доккхучу балха тIехь дакъалацар дара С. Бадуевна лууш дерг. Шен Iалашо кхочушъярхьама хьехархойн курсашка деша вахна иза. Уьш чекх а яьхна, хьехархочун болх бина цо. Школехь берашна хьехарца цхьаьна, баккхийчарна йоза-дешар а Iамадора СаьIид-Салихьа.



- Яздархочун дуьххьарлерчу произведенех ю цуьнан "Мацалла" цIе йолу повесть. Къехойн, хьолахойн вовшашца хилла юкъаметтигаш гайтина автора шен дуьххьарлерчу повесть тIехь. Къона доьзал – ТIелиб, ХIижан – хало ловш ду, мацаллла ю цаьргахь, кхечу къехошкахь а санна. Ялта къийдаларх пайда а оьцуш, шайн хьелаш алсамдохуш бу таронаш йолу нах. Мацалла токхуш болчу къехошна кIеззиг ялтех хIума а лой, церан тIаьхьхьара говр а, бежана а шайн дола доккху хьолахоша. Иштта шен бахам стамбеш ву повесть тIера Мухтар а.



# Къоман театр

Къоначу театран балха тIехь жигара дакъалаьцна ца Iаш, ша гоьваьлла драматург хиларе терра, театрана башха репертуар латтийна ца Iаш, къоман театран исбаьхьаллин куьйгалхо вара СаьIид бохуш, дуьйцу 30-чу шерашкахь Нохч-ГIалгIайн драматически театрехь болх биначара. Нохчийчохь а, республикал арахьа а дика бевзаш болчу артисташа шаьш дуьххьара театре даьхкинчу муьрехь актерийн болх шайна безабаларехь а, цул тIаьхьа шайн корматалла кхиарехь а Бадуевс шайна динчу гIоьнан лаккхара мах хадабо.



- Цу тайпана, Бадуев СаьIидан цIе Нохч-ГIалгIайн драматически театрах дIакъасталур йоцуш йозаелла ю. Алссам драматически произведенеш язйина Бадуевс, иттех шарахь цо кхоьллина лаккхара идейни а, исбаьхьаллин а мехалалла йолу ткъех гергга пьеса. Яздархочун кхийолу произведенеш а санна, шуьйра тематика йолуш ю цуьнан драматурги а. Юьртабахам керлачу тIегIане баккхарехьа ахархоша латтийна къийсам гойту драматурго шен "Ламанаш хийцало", "Большевикаллица ялта дерехьа", "Политотдел", "Самаяьлла ячейка", "ЖаIуьнан доьзал" цIерш йолчу пьесаш тIехь. Шен заманан проблемаш хIиттош яра "Марха досту де", "ЦаIебийна зудаялор", "ПетIамат" боху пьесаш. «Таймин Бийболт» цIе йолу пьеса нохчийн исторехь а, иллешкахь вуьйцучу халкъан турпалхочух лаьцна язйина.

# "Дашо Іам"

- Нохчийн, гІалгІайн драматургехь белхалойн классан тема дуьххьара хІоттийнарг Бадуев СаьІид хилла. "Дашо Іам" цІе йолчу пьеси тІехь драматурго гайтина тайп-тайпана къаьмнех болчу нефтяникаша, йохьалле а буьйлуш, къинхьегаман толамаш бахарца Даймехкан хьал алсамдаккхар. Граждански тІеман хьокъехь ю автора историн бакъдолчунна тІехь язйина "ЦІен гІап" цІе йолу турпалаллин драма. Ерриг советски драматургехь тоьлашха лоруш хиллачу К. Треневн "Любовь Яровая", Вс. Ивановн "Бронепоезд 14-69", Б. Лавреневн "Разгром" цІерш йолчу произведенийн могІарехь Бадуевн "ЦІен гІап" пьеса  лаьтташ хилар билгалдоккху цуьнан драматурги теллинчу литературоведа Айдаев ЮшаІа.
        Пьеси тІера хиламаш билгалйолчу меттехь – Іалхан-Юьртахь – кхочушхуьлуш бу. Коьрта долчу декъана пьесин чулацаман бухехь берг Іалхан-Юьртахь Деникинан эскаршна дуьхьал бина цІеяххана болу тІом бу. Исторически бакъдолчуьнца цхьаьнадогІуш дара Бадуевс шен пьеси тІехь белхалоша а, ахархоша а граждански тІамехь паргІатонехьа къийсам латтор  гойтуш долу суьрташ. Іаламат боккха кхиам хилира "ЦІен гІап" цІе йолчу драмин. Яздархойн Ерригсоюзни хьалхарчу съездехь вайнехан литературин хьокъехь ша динчу къамелехь Айсханов Шамсуддис билгалдаьккхира: "Нохч-ГІалгІайн керлачу актераша хІиттош С. Бадуевн "ЦІен гІап" цІе йолу пьеса а ю. И пьеса хІинцале Нохч-ГІалгайн областан шерачу аренгарчу а, ламанца йолчу а ерриге  ярташкахь хІиттийна а, колхозхоша чІогІа магийна а ю".

# "Грозненский рабочий"




- 1933 шеран 25 июнехь арадаьллачу "Грозненский рабочий" газето яздора "ЦІен гІап" бохучу пьесех лаьцна: "Пьеса кхаа-деа сохьтехь лаьтта, цуьнан ейтта эпизод а, пхиъ дакъа а ду. Амма хьовсархойн зал оцу ерриге а хенахь тІехъюьззина хуьлу, адамаша дІалоцу массо маьІиг а, кораш а, неІсагІеш а, чуьра араболу некъ а. Хьовсархой Бадуев СаьІидан "ЦІен гІап" цІе йолчу граждански тІеман хьокъехь нохчийн къинхьегаман ахархоша а, грозненски пролетариато а Шатиловн, Бичераховн, Чуликовн, Алиевн, кхечеран а кІай гвардейцийн бандашна дуьхьал герзашца латтийначу къийсаман хьокъехь йолчу пьесе хьовсуш бу.



«Зорбанан ц1а»



- Йоккхачу-АтагIахь областной слете гулбелла цIен партизанаш боккхачу тидамца хьаьвсира пьесе. Царах дукхаха йолчу эпизодашкахь шаьш дакъалаьцна цара. ГIойтIарчу партизански отрядан командир Хьату Давлиев, Йоккхачу-АтагIара Ноома Тукаев, Гикалос шена тIедехкина дуккха а къайлах гIуллакхаш кхочушдина волу Iалхан-Юьртарчу партизански отрядан командир ЧIаба Кагерманов, дуккха а кхиберш а. ХIинца уьш леррина хьоьжу юьртсоветан уьйтIарчу доккхачу рагIу кIелахь аннаш вовшах а тесна йинчу сцени тIе".

# Баккхий кхиамаш

- Къоман театран сцени тIехь, даим а шен кхиам а болуш, дуккха а шерашкахь лаьттира Бадуевн "ЦIен гIап". 1936 шарахь Нохч-ГIалгIайн драматически театр Белоруссехь гастролашкахь йолуш а, Москва къаьмнийн театрийн фестивале кхайкхича а, цуьнан репертуарехь Бадуевн кхоъ пьеса хилла: "ЦIен гIап", "ПетIамат", "ЦаIебийна зудаялор". Иштта баккхий кхиамаш хилира драматурган дукхахйолчу произведенийн. Бадуевн "ПетIамат" цIе йолу пьеса а, "Бешто" цIе йолчу повесть тIехь хIоттийна пьеса а вайн заманахь а ю Нохчийн пачхьалкхан драматически театран репертуарехь.

  Бадуевн цхьайолчу драматически произведенийн тексташ яйна, кароза ю. Иштта "ЦIен гIап" пьесин текст а, хьалхара ши сурт бен карийна дац.

  Бадуев СаьIидан пьесаш нах шайга хьовсуш а, нахана езаш а яра. Драматурган произведенийн турпалхой, цуьнан пьесаш тIера хиламаш халкъан дахарера схьаэцна а, халкъана хьалха лаьтташ йолу Iалашонаш кхочушьяре хьажийна а бара. Цундела адамашна оьшуш яра и пьесаш, резахуьлуш цара тIе а оьцура уьш.

  Лакхахь билгал ма-даккхара, Бадуевс исбаьхьаллин литературехь баккхий кхиамаш бахаран бахьана дара коьрта долчу декьана иза халкъан барта кхоллараллина тIетевжаш хилар, халкъан барта произведенех цо кхоллараллица пайдаэцар. Амма яздархочун исбаьхьаллин корматалла кхиарехь, цуьнан кхоллараллин хатI шардаларехь доккха маьIна дара Бадуев даим оьрсийн а, кхечу къаьмнийн а литературех Iемаш хиларан, цо хаддаза оьрсийн бак¬кхийчу яздархошца доттагIаллин, кхоллараллин уьйраш латтош хиларан.

# "Тхан хьерхархо, тхан накъост Горький!"




- Бадуев СаьIидан цхьаьнакхетарш хилла А. М. Горькийца а, А. А. Фадеевца а. Бадуевна Iаламат пайдехьа бара дуьненна а вевзаш волчу сийлахь-воккхачу яздархочун А. М. Горькийн хьехамаш. "Тхан хьехархо – Максим Горький" цIе йолчу шен исбаьхьаллин очерка тIехь Бадуевс яздо пролетарски яздархочун кхолларалла, кхечу къаьмнашна санна, вайнахана а доккхачу маьIне хиларан хьокъехь а, шена цунах даьллачу беркатах лаьцна а.
- "Тхан хьерхархо, тхан накъост Горький!" – боху Бадуевс. Горькийн "Песня о Соколе" нохчийн матте а яьккхина, шен очерка тIехь ялийнера яздархочо. "Нохчийчоьнан драматургически литературехь тьолашха йолу произведени – Бадуевн "ЦIен гIап" цIе йолу пьеса – Горькийн исбаьхьаллин тIеIаткъамца" язйина хилар билгалдаьккхира 1936 шарахь Нохч-ГIалгIайн АССР-н яздархойн Союзан правленис.

- Нохч-ГIалгIайн драматически театро 1938 шеран юьххьехь дIаболийнера «ПетIамат» драми тIехь спектакль хIотторан болх. Спектаклан режиссер волчу Батукаев ХIаронца цхьаьна театрехь репетицешкахь хаддаза хуьлуш вара Бадуев СаьIид. Премьера хIотто де тIекхочуш сихбинна боьдуш бара театро пьеси тIехь беш болу болх. Оцу хьо¬къехь хIин-хIинц тIаьхьа а Батукаев ХIарона дуьйцура: «Буса сахиллалц «ПетIамат» спектаклан прогон еш вара со, кхана хила езачу премьерина кечлуш. Сатосуш театрера аравелира, цIа а гIой тIера духар му аьлла. Гена валале энкавэдешникашна тIеIоттавелира. Уьш, этIаеш, схьайохуш бара «ПетIамат» спектаклан кестта премьера хиларан хаам беш йолу афишаш. Со царна оьгIазвахна чутасавелира: «Аш хIун до, йовсарш?! Уьш тхан театран афишаш  ю, тхан кхана премьера ма ю», – аьлла. Буьрса схьахьаьжначу энкавэдешнико жоп делира: «Хир яц шун премьера кхана. Кхин Бадуев а хир вац цкъа а. Вели иза шен националистски-буржуазни зурманаш лекхна». Сан дог шелделира. Ткъа Iуьйранна ерриг Соьлжа-ГIала зIуган бенах таръелла зийзаш яра, Бадуев СаьIид лаьцна дIавигна бохуш».

  Иштта, бе а бехк боцуш чу а воьллина, тIепаза вайина къоман литературин классик.



Батукаев Х1арон

## Бадуев СаьIид 1943 шарахь кхелхина лоруш дара

- XIинца, къайлах лаьттина архиваш схьайиллича, билгалдаьлла и терахь нийса цахилар. Къайлах хиллачу документашa гойту Бадуев СаьIид 1938 шеран 14 февралехь чувоьллинчохь кхелхина хилар.
Яздархочун кхолларалла, цуьнан дерриге дахар халкъана дIаделла дара. «Бадуев СаьIид кабинетан яздархо вацара, иза наггахь а карор вацара стоьла тIехь яздеш Iаш, цуьнан белхан кабинет ерриге а Нохчийчоь яра», – яздина Мамакаев Мохьмада.
«Иза доккха похIма долуш, башхачу корматаллин стаг вара. Шен халкъан ирсехьа, и ирс сирла а, дуьззина а хилийтарехьа дIахьочу къийсамехь кIадо йоцуш а, майра а вара", – боху шен дагалецамашкахь Саидов Билалас.
«Шен произведенеш бахьана долуш нохчийн халкъан шега боккха безам бахийтира Бадуев СаьIида: зорбанера арайовллушехь, нахана юкъаяьржара цуьнан книгаш, генарчу районашкара а, лаьмнашкара а нохчий, цуьнан пьесаш профессиональни театро хIиттош хьовсархьама, леррина Соьлжа-ГIала оьхура. Нохчийн дешархочун исбаьхьаллин литературе безам бахийтарехь чот йоцуш доккха гIуллакх дира С. Бадуевн произведенеша. Иза лара веза нохчийн исбаьхьаллин литература а, драматурги а дуьххьара кхоьллинарг а, цуьнан дуьххьарлера бухбиллархо а», – баьхна Мамакаев Iаьрбис.
Хан яларх шен мехалла лах ца лун Бадуев СаьIидан кхолларалла  вайнехан исбаьхьаллин литература кхоллаяларехь, кхиарехь доккхачу маьIна хилла ю. Яздархочун тоьлашха йолу произведенеш школехь, вузашкахь Iамош ю, цуьнан пьесаш нохчийн къоман театр кхоллаелчхьана хIинццалц схьа театран репертуарехь ю.

## Бадуев Саь1идан зорбанехь араевлла книгаш

- Мацалла. Повесть. Соьлжа-ГІала. Нохчоблзорб «Серло», 1928.
  Іимран. Повесть. Соьлжа-ГІала. Нохчоблзорб «Серло», 1929.
  ЦІеран арц. Повесть. Соьлжа-ГІала. Нохчоблзорб «Серло», 1929.
  Дайн Іедал (И.Эльдархановца цхьаьна язйина). Пьеса. Соьлжа-ГІала. Нохчоблзорб «Серло», 1929.
  Пхи туьма. Дийцар. Соьлжа-ГІала. Нохчоблзорб «Серло», 1930.
  Іадаташ, I дакъа. Дийцарш. Соьлжа-ГІала. Нохчоблзорб «Серло», 1930.
  Іадаташ, 2-3 дакъош. Повесть, дийцарш. Соьлжа-ГІала. Нохчоблзорб «Серло», 1930.
  Марха досту де. Пьеса. Соьлжа-ГІала. Нохчоблзорб «Серло», 1930.
  Хабарш, иллеш, поэмаш. Соьлжа-ГІала. Нохчоблзорб, «Серло», 1930.
  ПетІимат. Роман. I-ра дакъа. Соьлжа-ГІала. Нохчоблзорб, «Серло», 1930.
  Гуттар ца хуьлу моллина мовлад. Сьлжа-ГІала. Нохчоблзорб «Серло», 1930.
  ГІурба. Дийцар. Владикавказ. Изд-во «Сердало», 1931. (ГІалгІайн маттахь).
  Дохковалар. Дийцар. Гочд. И. Дахкильгова. Орджоникидзе. Изд-во «Сердало», 1931. (ГІалгІайн маттахь).
  Самаяьлла ячейка. Соьлжа-ГІала. Нохчоблзорб «Серло», 1931.
  Мила ву бехке?. Дийцар. Соьлжа-ГІала. Нохчоблзорб «Серло», 1931.
  Большевикаллийн ялта дерехьа. Пьеса. Соьлжа-ГІала. Нохчоблзорб «Серло», 1932.
  Некъан кехат (Исбаьхьаллин дийцарш). Соьлжа-ГІала. Нохчоблзорб «Серло», 1932.
  Колхозан иллеш. Стихаш. Соьлжа-ГІала. Нохчоблзорб «Серло», 1933.
  Ши малх. Поэма // Итт бІаьсте. Соьлжа-ГІала, 1933.
  Хаьжина произведенеш. Соьлжа-ГІала. Нохчоблзорб «Серло», 1933.
  Петимат (Поэмин дакъа) // Рост. 1934. № 1.
  Берашна совгІат. Соьлжа-ГІала. Нохчоблзорб «Серло», 1934.
  Керла нах. Очерк // Нохчийн яздархойн дош. Соьлжа-ГІала. 1934.
  Политотдел. Соьлжа-ГІала. Нохчоблзорб «Серло», 1934.
  ПетІимат. Поэмин дакъа // Кхиам. Соьлжа-ГІала. 1934. №1.
  Вайн беш. Стихан, поэмаш, эшарш. Соьлжа-ГІала, 1935

# Баркалла !!!

